**Ассаламу гIалайкум!**

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 27 декабрь Рузман №56 (7870) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 11 декабралда Багъа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

# *ЦIияб 2025 сонгун*

## Районалъул бетIерасул барки

ХIурматиял районцоял!

Баркула нужеда тIаде щолеб цIияб 2025 сон.

Гьеб гвангъараб байрамалъ нилъее сайгъат гьарула цIиял хьулал, анищал ва мурадалгун къасдал.

БачIунеб соналъ нилъеца кIодо гьабизе буго КIудияб ВатIанияб рагъда Бергьенлъи босаралдаса 80 сон тIубай. Жакъа гьоб рагъул бахIарзазул лъималазул лъималазги, гьезул лъималазул васазги бахIарчиго цIунулел руго хасаб рагъулаб операциялда Россиялъул хIажалъаби, бихьизабулеб буго ватIаналъе ритIухълъи ва къвакIи.

БатIаго баркиялъулал рагIаби абизе бокьун буго хасаб рагъулаб операциялда ЦIияб соналде дандчIвай гьабулел гIолохъабазда, гьезул эбел-инсуда ва хьизан-лъималазда.

Нилъ-цадахъ руго, гьединлъидал Бергьенлъиги нилъеда хадуб букIине буго!

ХIурматиял ракьцоял, букIа абе нужее ЦIияб сон баракатаб, щивасул рокъоб парахалъи, рекъел ва санагIалъабигун рахIат бугеблъун.

Гьарула нужее, нужер лъималазе, гIагарлъиялъе щулияб сахлъи, рохел ва лъикIал лъугьа-бахьинал.

**ХIурматгун, районалъул бетIер Шамил ГIумаров**

## Сессия

# Районалъул бюджет тасдикъ гьабуна

25 декабралда Агъвали райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана муниципалияб районалъул депутатазул Собраниялъул иргадулаб сессия.

Сессиялъул хIалтIулъ гIахьалъи гьабуна районалъул бетIер Шамил ГIумаровас.

Депутатазул халгъабиялде росарал суалазул аслияблъун букIана «ЦIумада район» муниципалияб районалъул 2025 соналъе ва 2026-2027 соназе бюджет тасдикъ гьаби.

Бюджеталъул суалгун кIалъазе вахъарав районалъул финансовияб отделалъул нухмалъулев ХIусен МухIамадовас баян гьабуна 2025 соналъе районалъул бюджет доходалгун расходал ращад гьабураб бугилан: доходал-828239,4 азарго гъурущ, расходал -828239,4 азарго гъурущ. Бюджеталъул доходазулъ 155113,0 азарго гъурущ ккола дотация, 515587,3 азарго гъурущ- субвенция, 29707,99 азарго гъурущ ккола субсидия. ХутIараб бутIа ккола бюджеталъул жалго бетIергьанал доходазул налогал ва налогазул гурел доходал.

Депутатаз гьединго тасдикъ гьабуна 2025 соналъе «ЦIумада район» муниципалияб районалъул бакIалъулаб самоуправлениялъул органазул структура, чIезабуна муниципалияб районалъул бакIалъулаб самоуправлениялъул органазул хIалтIухъабазе 2025 соналъе захIматалъухъ кьолеб мухьалъул бищун дагьаб къадар (МРОТ), гIенеккана муниципалияб районалъул бакIалъулаб самоуправлениязул органазда хIалтIухъ мухь кьеялъул хIакъалъулъ ва цогидалги суалал.

Гьел киналго суалазул хIакъалъулъ информациягун кIалъазе вахъана райадминистрациялъул правовиябгун информациялъулал технологиязул отделалъул нухмалъулев Тимур Ибрагьимов.

Бюджеталъул ва цогидалги суалазда тIасан жиндирго пикраби загьир гьарун кIалъай гьабуна районалъул бетIер Шамил ГIумаровас.

Гьоркьор лъурал суалазда тIасан депутатаз рекъон кколел хIукмабиги къабул гьаруна.

## ЛъагIалил спортсменал




Дагъал цере къояз МахIачхъалаялда «Россия-дир тарих» тарихияб паркалда кIодо гьаруна олимпиялъул хIаязул тайпабазул лъикIаздаса лъикIал спортсменал.

БатIи-батIиял чемпионатаздагун Россиялъул, Европаялъул ва дунялалъул первенствобазда росарал бергьенлъабазухъ балагьун тIаса вищана республикаялъул анцIго бищун лъикIав спортсмен.

Районцоял рохизе ккараб хIужа буго гьев анцIгоязда гьоркьоса лъабгояв нилъер районалъул гугарухъан вукIин: Кванхиса МухIамад МухIамаев, Гьигьалъа МустафахIажи Малачдибиров ва Метрадаса Башир МухIамадов.

Баркиялъулал кIалъаялдаса хадуб, рохалилаб ахIвал хIалалда спортсменазе гIарцулал шапакъатал кьуна Дагъистаналъул спорталъулгун физкультураялъул министр Сажид Сажидовас.

РакI-ракIалъ баркула гьезда 2024 соналъ цвакарал бергьенлъаби. Спортсменазул захIмат, цо-цоязда бигьаябин кканиги, кутакалда гIемер гIетI тIураб букIуна. Гьарула гьезие тIаде щолеб ЦIияб соналъ щулияб сахлъи, спорталъулъ жеги чIахIиял бергьенлъаби, хьизан-рукъалъулаб талихI ва кидаго кирго ракълилаб зобалда гьоркь цере рахьин.

## Решение №3

**сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район» от 25 декабря 2024 г.**

Принято Собранием депутатов
МР «Цумадинский район»
от 25 декабря 2024 г.

**Об установлении минимального размера оплаты труда на территории муниципального района «Цумадинский район»**

В соответствии с Федеральным законом от 29.10.2024 г. №365-ФЗ «О внесении изменений в статью 1 Федерального закона «О минимальном размере оплаты труда», Собрание депутатов МР «Цумадинский район», **решает:**

1. Установить с 1 января 2025 г. размер минимальной заработной платы для работников аппаратов органов местного самоуправления финансируемой из бюджета муниципального района «Цумадинский район» в размере 22440 рублей

2. Контроль за исполнением настоящего решения возложить на отдел финансов муниципального района «Цумадинский район».

**Глава МР «Цумадинский район» Ш. Омаров**

## Решение №8

**сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район» от 25 декабря 2024 г.**

Принято Собранием депутатов
МР «Цумадинский район»
от 25 декабря 2024 г.

**О разрешении установления размера родительской платы за присмотр и уход за детьми в муниципальных образовательных учреждениях МР «Цумадинский район»**

В соответствии с Федеральным законом «Об образовании в Российской Федерации» от 29.12.2012 года № 273-ФЗ и в целях разделения функции по предоставлению бесплатного и общедоступного дошкольного образования и по осуществлению присмотра и ухода за детьми в организациях, осуществляющих образовательную деятельность, Собрание депутатов муниципального района «Цумадинский район» **решает:**

1.Разрешить администрации муниципального района «Цумадинский район» установить с 1 января 2025 года родительскую плату, взимаемую с родителей (законных представителей) за присмотр и уход за детьми в муниципальных образовательных учреждениях, реализующих образовательные программы дошкольного образования в размере 600 рублей в месяц при 100 % посещении.

2.Администрации муниципального района «Цумадинский район»:

2.1.Разработать и утвердить Положение о порядке начисления и взимания родительской платы за присмотр и уход за детьми в муниципальных образовательных организациях МР «Цумадинский район», реализующих образовательные программы дошкольного образования;

2.2. Разработать и утвердить Порядок освобождения (снижения) размера родительской платы по оплате за присмотр и уход за детьми, осваивающими образовательные программы дошкольного образования в организациях МР «Цумадинский район» отдельным категориям граждан МР «Цумадинский район».

3. Опубликовать настоящее решение в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети «Интернет».

4. Решение вступает в силу со дня его официального опубликования.

**Глава МР «Цумадинский район» Ш. Омаров**

Сахлъи - инсанасул бечелъи

# МухIамад Малачев:
# Унтарав вохиялдаса вохарав вукIуна дун

-Щиб, Хадижат, чиго вихьулеб хIал гьечIо гурищ,-ан абуна районалъул байрамалде щварай дида аскIовеги вачIун цевего вихьарав гIадав, амма щивали ракIалде щоларого таманаб замана барай дида, цо чияс.




Районалде щвеялъгун районцоял рихьиялъ рохалил асаралда йигей ва гьезул щивасе салам кьолей дидаги таманал кIочон ратана рихьичIого гIезегIан сонал гьоркьор арал ракьцоял. ХIалае вахьинехьин вукIана нилъерго ГIисматулагьил Шамил, МухIамадихъе гIемерав ккарав ва щварав, лъие щиб хIажалъаниги, тIоцебе гьесухъе ахIи балев кумек-квербакъи гьабеян унтаразе, амма дунго цее ккана.

-Валлагьгиха, МухIамад Малачевич, мунги вихьичIони, лъачIони, щивха лъалев?!-ян абуна дица, дагьаб цебе TV3 каналалъ къватIибе биччараб «Тохтурзаби» абураб проекталъул кIиабилеб сезоналъул анцIила кIиабилеб выпускалда жиндир хIакъалъулъ бицарав, халкъалда гьоркьоб жиндир цIар тIибитIарав тохтурасул сипатги циндаго ракIалде щун гьесда къвалги балаго.

-Гьадинаб жо бугоха гьаб гIумру. 16 сон вихьичIого аниги, тIоцебесеб лъай-хъвай ккаралдаса, гьанир рихьизе хван рукIун бугоха.

Ниж цоцада гьикъа-бакъизе лъугьана, доб 16 соналъ цебе лъай-хъвай ккеялъе гIилла ракIалдеги щвезабун. Лъаларо, жакъа дов вас кигIанасев гIун вугевали, хIакъаб жо, гIолохъанчи гьев вукIин. Велосипедалда рекIун вукIарав тIохдаса гьоркье вортун абун ТIиссиахикьа гьитIинав вас вачIун вукIана доб мехалъ Агъвали больницаялде гIезегIанго захIматаб, гIумруялъе хIинкъи цIикIкIараб хIалалда. Унтарав инсуда аскIов гьесие хьулухъги гьабун вукIарав МухIамад Малачевас хвалил квачIикьан вахъана вас. Гьев багъадурасул хIакъалъулъ лъазе кколин районцоязда абун гIемерал рачIана доб мехалъ дунгоги больницаялда егун йикIарай гIаданалъухъе жидер рахъалъанги баркала загьир гьабеян гьарун унтарал, гьенир ругебгIан мехалъ жидеги гIемер кумек-малъа-хъвай гьабунин гьесилан. Гьедин хьван букIана доб рикIкIадаб 2008 соналъ гьесул хIакъалъулъ гьитIинабго макъала. Амма пашманабго гьимигун МухIамадица гьеб казиятги макъалаги жиндихъе щвечIин, бихьичIин абуна. Пашманаб гьимиялъул магIна букIана макъала къватIибе бачIиналде инсуе - гIумру милициялда хIалтIулаго арав Малачие Аллагьасул къадар щвей…

Гьелдаса нахъе гIемераб лъим чвахана Каспий ральдалъе ГIандигIурул. МухIамад Малачевасул гIумрудулъги гIемер ккана хиса-басиял: рохел гьарзаялги, рухIелазул пашманлъиялъ къвал баралги. Аллагьасул къадаралде щвана гIолохъанго гьесул ясгун вас. Доб бицен гьабураб «Тохтурзаби» проекталдаги МухIамадица бицунеб буго, тIоцебесеб иргаялда, тохтур хIисабалда, хадуб инсулаб бербалагьиялдалъун валагьулин жив унтаразда, гьединлъидал бичIчIулеб букIанин хвалил квачIикье ккарав дов гIолилав Андрей Киселевасул эбелалъулгун лъадул рекIел хIалилан. Унтарав вохиялдаса вохарав вукIунин живан абуна МухIамадица унтараздехун букIунеб жиндирго рекIелхIалалъул бицунаго.

-Дунго тохтур вукIиналъ бичIчIулеб букIана дир лъималги бищун гIолохъанаб ригьалда абадияб рокъоре ине рукIин (гьезул диагнозалъ бицунеб букIана гьеб). Дидаго букIараб хIал букIинарищ щивав унтарасул гIагарлъиялъулги, хасго эбел-инсул?! Нижер отделениялъул хIалтIухъаби лъабго моцIалъ, къаси макъу, къад рахIат тун къеркьана Андрейил гIумру хвасар гьабизе. Лъабго соналъ цебе ккараб гьеб лъугьа-бахьин, абизе бегьула тохтурзабазул гIемерсоназулаб хIалтIулаб хIалбихьиялъулъ тIоцебесеб букIанин абун. Чанги захIматаб хIалалде ккарал унтарал сах гьариялда тIадги рорчIана сагIталги сардалги, амма гьаб хIужаялъ бокIнилъ къазаризехъин рукIана ниж. Аллагьас иргадулаб хIалбихьи кьуна нижее ва, Гьесулго кумек-квербакъиялдалъун, кIвана хвалил квачIикьан гIолохъанчи вахъизе. Дидагоги бихьана рухIел. Бихьарасда гурони бичIчIулареб бакIаб гьир буго гьеб. Амма сундего квер хьвагIун, Аллагьасул хIукмуялда разилъунгутIи бихьизабизе нилъеца бегьуларо, бихьараб хIехьон, сабруялда рукIине ккола...

Бихьулеб букIана тохтурасул 45 сонилаб хIалтIулъ чанги махщалилаб хIалбихьи букIараблъи. Амма жакъа кьоялъги гьев вуго Лениград областалдаго лъикIаздаса лъикIав, хIалбихьи цIикIкIарав, махщел камилав, гIолохъанал специалистазе хIалбихьи бикьизе хIадурав, меседил кверазул тохтур. ХьахIаб халгIат ретIарал малаикзабазул цояв, Аллагьасго тохтурлъиялъе вижарав инсан вугин абула гьесул хIакъалъулъ гьев лъалевщинас.

ГьитIинго бижун буго гьесул медицинаялде рокьи. Гьелъие кумек-квербакъи росдал фельдшер, мунагьал чураяв ГьазимухIамадил МухIамадица гьабунин абулаан гьес.

Цебесеб нухалъго гIадин, гьаб нухалъги гьарана МухIамадида дагьа-макъабго хIалтIулъ ругел хиса-басиязул, бергьенлъабазул бицеян. Нус гьечIого хьолев вугин дуца живан абуна, щиб букIунеб хирургазул цого хIалтIулъ цIилъиян.

…-Намусалъул хIуби, унтаразе чара гьечIев инсан, Шлиссельбургалъул больницаялъул чIухIи, гьоги щиб гьеда абилеб,-ян жувана гьоркьове Шамилги.

-Дида МухIамад лъаралдаса руго таманал сонал, дирго ясалъул гIузру-сакъаталъ чаналиго нухалъ бухьине ккана Санкт-Петербургалде сапар. Щибаб нухалъ МухIамадица иш кодобе босулаан ва, гьеб рагIалде бахьинабичIого, гьесул ракI хIалхьулароан.

Унтаразухъе щибаб кьоялъ гьабулеб халгьабиялда гьезул карточкабазда балагьичIого бицунаан щивасул гьабураб сахгьариялъул курсалъул кинаб хIасил кколеб бугебали, лъие кинаб дару гьабулеб бугебали. Унтаразул, хасго кIудиял чагIазул рикIкIен гIемерал суалазеги, расги кIвахIалльичIого мухIканал, чIванкъотIарал жавабал рукIунаан, захIмат унтаразул гIагарлъиялъул гьоркьоса кьотIи гьечIел телефоналъул цIурмазе жаваб кьезеги заман батулаан. Доре-гьанире кьуризе рес гьечIеб жидерго график-низамалъухъ балагьичIого, замана батула хинаб рагIиялдалъун унтаразул ракI-макI батизе.

Баркала дуе, хьахIаб халгIат ретIарав рекIел-малаик, дур хIалимлъиялъухъгун гIадатлъиялъухъ. БетIергьанас цIунаги нуж кидаго квешлъабаздаса,-ян абулев гурони, рази гьечIого больницалдаса къватIиве унев чиги къанагIатги вукIунаро.

Бихьулеб букIана Шамил ГIисматулаевасда МухIамадил гIамал-хасиятги, махщелчилъиги рагIун гуреб, бихьун лъалеб букIин.

Жиндирго хIакъалъулъ гIемер рецц-бакъ гьабизе бокьуларев МухIамадил хIакъалъулъ тIадеги баян лъазе бокьарай дица Инернеталда яккун хал гьабидал, дида ракIалде ккана гьев лъалареб бокIон Ленинград областалда гуребги, гьелъул мадугьалзаби- Карелия республикаялдагун Мурманск областалдаги батиларин.

ГIагараб Гьигьалъ росулъ рикIкIадаб 1973 соналъ школаги лъугIизабун, цIализе ана МухIамад МахIачхъалаялде Дагъмединституталъул сахгьариялъул факультеталде. 1979 соналъ лъикIал къиматазда институтги лъугIизабун, хIалтIизе байбихьана Кострома областалъул Буй шагьаралъул больницаялда. Анлъго соналъ хIалтIана гьенив: кIиго соналъ гIадатияв хирурглъун, ункъо соналъ отделениялъул заведующийлъун. 1985 соналъ уна Ленинградалде ординатураялде цIализе. Гьеб лъугIун хадуб 1991 сонадле щвезегIан хIалтIана гьенивго шагьаралъул больницаялда хирурглъун. 1991-1996 соназ МухIамад Малачевич хIалтIула Ленинградалъул санитариябгун гигиеналъул институталда хирургиялъул унтабазул кафедраялда ва гьенибго цIунула медицинаялъул гIелмабазул кандидатасул диссертацияги. Лъабго соналъ хIалтIула гьебго кафедраялда ассистентлъунги. 2003 соналдаса нахъе хIалтIана гьенив Александровская абулеб больницаялда, гьал ахирал соназ вуго Шлиссельбургалъул больницаялда хирургияб отделениялда. ГIаммаб куцалъ медицинаялъе кьураб 45 соналда жаниб Малачевас гьарурал операциябазул къадар кIиазаргоялдасаги тIаде бахун буго цебего. Гьелгиха цоял цоядасанги захIматал, чанги нухалъ областалдаго тIоцере гьаризе ккаралги. Амма доб 45 соналъ цебе гIолохъанчиясул ракI букъизе бетIерав тохтурас жив т1амураб операция букIанин жиндие бищун захIматабилан абуна гьес.

-Бищун лъикIаб жо буго операцияби гьарулаго медперсоналалъ гьурмада маскаби ххолел рукIин. Гьез тохтурасул бугеб ахIвал-хIал, гьурмал кьер хиси ва цогидабги бихьизе толаро. Дагьабго хIинкъиги, «кIвеладай дида» абураб васвасди букIана доб мехалъ дирги. ТIахьазда чанцIул цIаланиги, хIалбихьи цIикIкIарал тохтурзабаз гьабулеб чанцIул бихьаниги щиб, дудаго тIаде жавабчилъи ккей думалъго батIияб иш буго. Гьебго хIал букIана дирги доб мехалъ, амма дир хIинкъа-къаялъухъ балагьичIого, операция битIабишун ана БетIергьанасул кумекалдалъун.

ХIалтIул хIалбихьиялъул санал кIикьойидасанги цIикIкIун индал гьабураб Андрей Киселевасул операцияги лъикI ун букIана. Гьесул букIараб ахIвал-хIал операция гьабун хадусеб сахгьариялъулаб практика букIана, лъабго моцIалъ макъу кIочарал сардали рахIат хварал кьоялги нижеца къулчIаниги. Амма гьебги букIана дир практикаялда тIоцебе ккараб гьединаб хIужа,-ян гьимана хирург, операция ракIалде щвезабулаго.

-Райбольницаялда гуревги, церетIурал шагьаралъул больницабаздаги гьединаб мехалъ хирург цохIо хирурглъун гуревги, медицинаялъул тIолалго махщелал кодосев устарлъун ккола,-ян мунагьал чураяв дирго имгIал, хирург Адильхан Зубаировас гIемер абулел рукIарал рагIаби ракIалде щвана МухIамадихъ гIенеккун йикIарай дида.

Мисалияв тохтур, тIадегIанаб категориялъул хирург, насихIатчи, ракI рагьарав, гIодове виччарав, кIицIул хIеж борхарав, гIумру рикIкIадаб Санкт-Петербургалда гIурусазда гьоркьоб аниги, магIарул яхIги, намусги, гIамалги, гIадатги рехун течIев МухIамад Малачевасул хIакъалъулъ лъида гьикъаниги, абулеб жо цого букIунаан: «меседил» кверазул гьунар бугев тохтур абун.

Дагьаб цебе букIана МухIамад Малачевичасул гьавураб къо. Бокьун буго дагьай кватIаниги, гьаризе гьесие жеги анцI-анцI соназ сахлъи цIуниялъул хьаравуллъуда хIалтIизе щулияб сахлъи, рекIее хIалхьи, парахалъи.

Гьединго баркизе бокьун буго гьесда ва гьесул гIумрудул гьудул Шлиссельбургалъул мугIалим ПатIиматида тIаде щолеб ЦIияб сон. БукIа абе гьезие гьеб ракълилаблъун, балагьал рикIкIалъараблъун.

РукIа абе нилъее кидаго кирго цIар тIибитIарал цIвабилъун МухIамад Малачев гIадал махщел камилал тохтурзабиги, районалъул цIар борхатго ккурал батIи-батIияб рахъазул махщалилал гIадамалги.

**Хадижат Залимханова**

ГIадамал, нухал, транспорт

# Цояв цоясдасаги лъикIав

-Баркала, Аллагьас нух битIун вуссаги рокьове. Сапар-сагIат битIаги, къадар тIагIарав данде ккогеги... ГIемер нилъеца абулеб яги нилъеда рагIулеб гьара-рахьи буго гьеб нухда уна-рачIунаго машинадул шоферасе. Нухлулас машинаялъул шоферасе кьураб баркала ккола тIаса-масаго рихьун тей гуреб, унго-унголъунги инсанас жиндирго бугеб тарбия кьей ва адаб буголъи бихьизаби, щайгурелъул гьезда чанги бихьараб буго нухда кколел-толел автоавариял, чанги сапаралде вахъарасе нухдаго щвараб къадар, чанги сакъатлъиги ккун, гIумруялъго инвалидаллъун хутIи.

сан. Босун кIиго-лъабго бухIарабго лаваш-чед кьуна пассажиразухъе хIангун цадахъ кванаян. Добго тамашалъиги баркалаги букIана дир гьалбадерил бадибги каламалъулъги.

МухIамадрасулил ва ХIабибилгун ХIамзатил шоферзабилъун хIалтIул стаж кього-лъеберго сонидасанги цIикIкIараб буго, ХIабибил вас АхIмад гьеб рахъалъ «стажорлъун» кколин абуни, мекъиги кке-ла, щайгурелъул гIемераб рагIана абулеб гьесдаги «инсул ирс босарав, жеги камилав» абун. Буго гьев гIолохъанчиясулъги бессун имангун адаб-хIурматги,



Бицен гьабизе бокьун буго нилъерго Агъвали-МахIачхъала рейсалда хIалтIулел маршруталъулал микроавтобусазул шоферал, цоясдаса цо цIакъал, рекIараздехун адаб-хьатир бугел, нухлуласул бокьараб хIажат тIубазе хIадурал, рекIелъ ва чорхолъ рацIцIалъи цIунарал МухIамадрасулил, ХIабибил, ХIамзатил ва АхIмадил хIакъалъулъ.

Нус-нус километр манзилалъул къойил нахъе толел, анлъго-анкьго сагIаталъ рулалда нахъе гIодор чIун, машинаялда рекIанщинасул жаваб щолелъуре щвезегIан жидеца кьолел, кигIанги гIумруялъе хIинкъи цIикIкIараб махщалил бетIергьаби ккола гьел ва кинало рулалда нахъа гIодорчIанщинал. Чан батIияб ишха кколеб нухда?! Цоял унтула, цогидал лагIдезе бачIун лъугьуна, камуларо хIужа щибаб 20-25 минуталдасан машина чIезабизе ккеялъулги нухлулав квеш лъугьун яги гIисинлъималазул хъулухъ-къваригIел тIубазе ккун. Сабурго балагьун чIола гьел нухлулазул ишал тIуразегIан, сабру хварал машинаялда ругезегицин ракI батулеб каламги гьабун. Гьезда жидерго хIалтIулаб хIалбихьиялъулъ (трудовая практика), гьебин абуни, гьезул дагьаб гуро бугеб, анцI-анцI сонилаб буго, чанги бихьана гьединаб къо. Гьезда бичIчIула рулалда нахъа чIарав чиясул сабру цогидазулалдаса цIикIкIун букIине кколеблъи ва гьеб гьесул жавабчилъи гуребги пассажиразул рахIатги букIин.

ГьанжегIаги щиб рачIине-ине нилъее, щугоги анцIила щугоги соналъ цебе нухазул букIараб ахIвал-хIал нужедагоги бихьараб гурищ букIараб, сабру, сабру,-ян рукIуна гьел. Лъидаха гьездаса лъикI бичIчIилеб нилъер хIинкъи гьечIолъиялъул жавабчилъи Аллагьас сапар рагIалде щвезегIан жидехъе кьун букIин. ГIемераб бихьа-рагIараб бугелъул гьезда нухлул «бальголъигун сихIру-макру».

РакIалда буго гьадинаб лъугьа-бахьин. РикIкIадаса рачIарал дирго гьалбалгун рекIун йикIана ХIабибил маршруткаялда. ЧIиркъатIасан рачIунаго, чIезабун машинагун босана гьес микьир ва, цере гIодорчIарал пассажиразе чанго микьирги кьун, гьединго къвачIа кьуна нахъехун бикьеян дихье. Гьоболалъул балагьиялдаса дида бичIчIана «Гьаб сундухъ дуе» абураб суал. -Ма,-ян бисмиллагьги бахьун, дица кIи-кIи микьир гьезухъеги кьун, машинаялда жанир ругезе бикьана гьеб. Хадуб бичIчIизабуна гьалбадеридаги нижер маршрутниказ киназго гьабулин гьединаб садакъа, хIатта рузманкъоялъ цо-цо кIи-кIи чи чIовогоцин вачунин абун. Гьезул тамашалъиялъе гIорхьи букIинчIо, гьединабгиийщ жо букIунебан, гьадингоги жавабчилъиги хIинкъиги цIикIкIараб гьезул хIалтIулъ абун. Жидер маршрутниказухъани щвеларин гьединаб лъикIлъиянги борчIана цоялъухъан, щиб лъалеб, минуталъ хисизавулин Аллагьас чи, гьездаги иман тIинкIилин абун махсара хIисабалда, гьезда квеш букIунаредухъ, абуна дицаги.

НахъруссудаМухIамадрасулгун ккана цо анкьида-сабру буголъигун гIодовиччайги. Гьеб бихьана чанги нухалъ гьевгун ехе-эхеде сапаразде ккеялъ гуребги, нухлулаз бицунги.

Бокьун буго тIолго нухлулазул рахьалъан баркала загьир гьабизе ункъавго маршрутникасе гьезул жавабчилъи цIикIкIараб, ракI бацIцIадаб, пассажиразул адаб-хIурмат цIунараб хIалтIухъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе. Нужер махщелчилъиги, хIинкъигьечIолъиги, щолелъуре гIужда щвезе бахъулеб хIаракатги, нухлулазе бацIцIадаб машинаги, сабру хварал цо-цо гIадамал камичIониги, гьездехун гьабулеб сабураб каламги, щибаб сапаралда гьабулеб садакъа-хайратги, хасго инвалидаздехун букIунеб бербалагьиги- кинабго рикIкIун рагIалде щвеларо, нужее баркала загьир гьабизе гIилла-рагIи балагьулаго. Пассажираздагун къайи-къоно битIулездаги, гьеб дандчIвазе рачIунездаги кIочене бегьиларо шоферги рокьове гIедегIун вукIунеблъи, аманат гьабун битIараб посылка гIужда дандчIвазе рачIине ккей. Нилъеда, пассажирazда бичIчIизе ккола маршруткаялъул шоферасул захIматаб ва жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIи. Радал щуго-анлъгоялда рахьун, кьварарал тIалабазул низамги цIунун, посталда солдат гIадин, пассажирал рачIиналъухъ балагьун букIуна машина автостанциябазда.

Лъимерлъудасанго интерес букIана техникаялдеги шоферлъиялдеги,-ян цо кIалдисан гIадин абула гьез цоги махщел тIаса бищиго бигьаяб букIинчIищан гьикъидал.

-Запасалъе цоги махщелги букIинарищха,-ян гьимула МухIамадрасул.

-Нижер кверзукьа борчIараб махщел батиларо, тохтурзабилъунги рахьуна ниж цо-цо мехалъ,-илан жувала ХIамзат,-дагьалищ кколел нухазда автоавариял ва чанги ккола гьенир унта-лъукъаразе кумек гьабизе хехаб кумекалъулаб машина тIаде щвезегIан чIечIого.

АхIмадие мисал инсул букIинарищха. ГьитIинаб къоялдаса нахъе инсудаса цевеккун вахьун чIолаан машинаялда асклов, квалквадулаан машина къачIалелъул.

-Нилъецаго гIадин, нилъер машинаялъе ракI унтун цогидаз хъулухъ гьабилищха, гьединлъидал хIаракат бахъула гьитIинаб-кIудияб батIалъи гьечIого, машинаялъул жагьаллъи нижецаго битIа-бишизабизе,-ян бицана гьес.

Буго гьезул киназего гIахьалаб цо хасиятги-щибав пассажирасулгун гIаммаб мацI бати, гьитIинаб лъимер букIаниги, ригь барав кIудада вукIаниги. Гьеб гьезда лъидасанго лъикI лъала рекъезабизе.

Бокьун буго гьев ункъавго сахав инсанасда баркизе тIаде щолеб ЦIияб сонги. БукIа абе гьеб киназего рохел гьарзаяблъун, кидаго гIурччинаб канлъи ссунареблъун, нух битIараблъун ва ракълилаб зобалда, гвангъараб бакъул чIоразда гьоркь сапаралде рахъунеблъун.

**Хадижат Залимханова**

## ЦIияб сонил рахьи-бакъи

Гьоболас рагьдухъан нуцIа къан гIадин,
Ана басрияб сон, щвана ЦIияб сон.
Кьварилъаби рачун, ургьелал лъахъван,
ЛъугIараб батаги басрияб сонги.

Баркатал цIикIкIараб, рахIмат гIемераб,
Батаги нилъее щвараб ЦIияб сон.
Хъизан - агьлуялъул кьварилъи лъугIун,
ГIумру аваданго унеб батаги.

Дунялалда рагьал кьотIизе гьарун,
Эбел инсул рукъор руссаги васал.
Унтабиги тIагIун, сахлъи щулалъун,
Щивав мурадалде щолев ватаги.

Исламалъул кьучIал щулагоги ккун,
Гьоркьоса рикьаби тIубан тIагIаги.
Баракатабщиналъ гIорцIизе гьарун,
Ракьи бихьугеги, щиб бихьаниги.

Рос-лъадуда гьоркьоб гьуинлъи цIикIкIун,
Баракатаб хъизан кьун гIалам цIикIкIаги.
ГIадлу бугев хан кун ритIухълъи цIунун,
ГIадлуялда хIукумат цIунун хутIаги.

**ХIабиб Давудов,** Метрада росу

## ЦIияб сонгун

Дун налъулав вуго бетIергьанасе,
Гьабги сон баркизе чIаго теялъухъ.
ЛъикIаб рахьиялъе халкъалде вуссун,
Кьураб гIумруялъухъ, сахал кьоязухъ.

Баркула нужеда, дир гIагараб халкъ,
БачIунеб ЦIияб сон дица ракI- ракIалъ.
Гьарула нужее щулияб сахлъи,
Сахаб гIумруги кьун рохун хутIизе.

МагIишат гьарзаяб, бачIин цIикIкIараб,
Гьуинлъигун вацлъи цоцай бокьараб.
ЖахIда- хIусудалде мал кьабулеблъун,
БачIараб батаги нилъей ЦIияб сон.

ТIад тарал чагIазе гIадамал рокьун,
ГIадамаз тIад тарал тIадегIан гьарун,
Гучаб борхалъуде чIухIараб улка,
Бахине бачIараб батаги гьаб сон.

Рагьда ругелщинал нилъер бахIарзал,
БахIарчияб цIаргун бергьенлъи босун,
ЦохIо камичIого рокъор руссунел,
Насибгун бачIараб батаги гьаб сон.

Кинабго халкъалъе тIолго Россиялъ,
РитIухъаб нухалъе канлъи кьолеблъун,
Мекъалъи - тIекълъиялда тIад рекъечIого,
БитIараб нух кквезе хъванги батаги.

**МухIамад Коратов,** ТIинди росу.

ЦIодорго рукIа!

## КIвар кьечIого тезе бегьиларо




Гьале тIаде щолеб буго ЦIияб соналъул сордо. Гьеб сордоялъ кIудияб чIагольи букIуна лъималазул. Цереккунго хIадур гьарула гьез рекIелгьеялъе кьвагьдезе цIа рекIунел, гьвангьизарулел, кьвагьулел жал, ай пиротехника. Гьел хIалтIизаризе лъангутIиялъ рачуна пашманлъиялдеги.

Хасго гьаб ахираб заманалда Украиналдаса рачIунел руго нилъехъе хIинкъи цIикIкIарал (петарды) кьвагьулел жал. Лъималазе гьезул хIинкъи букIинги хIисабалде босун, тукабазда гьел ричи гьукъи мурадалда гьал къояз райадминистрациялъул, жанисел ишазул отделалъул ва цIа свинабулеб частаалъул хIалтIухъабаз Агъвали тукабазда тIоритIана цадахъал рейдал, тукенчагIазулгун гьаруна бичIчIи кьеялъулал тадбирал.

**М. КъуратмухIамадов**

**Администрация**
**муниципального района «Цумадинский район»**

## Постановление №142

**от 14 ноября 2024 г.**

**Об утверждении Правил выдачи единого социального сертификата на получение двух и более муниципальных услуг в социальной сфере, отнесенных к полномочиям органов местного самоуправления муниципального района «Цумадинский район» Республики Дагестан**

В соответствии с ч. 9 ст. 20 Федерального закона от 13.07.2020 № 189-ФЗ «О государственном (муниципальном) социальном заказе на оказание государственных (муниципальных) услуг в социальной сфере», администрация МР «Цумадинский район» **постановляет:**

1. Утвердить прилагаемые Правила выдачи единого социального сертификата на получение двух и более муниципальных услуг в социальной сфере, отнесенных к полномочиям органов местного самоуправления МР «Цумадинский район» Республики Дагестан.

2. Установить, что положения абзаца второго пункта 3 и пункта 5 Правил, утвержденных пунктом 1 настоящего постановления, не применяются в случае отсутствия соответствующей технической возможности информационного взаимодействия с федеральной государственной информационной системой «Единый портал государственных и муниципальных услуг (функций)», при отсутствии такой технической возможности - работа с потребителем, имеющим право на получение двух и более муниципальных услуг в социальной сфере, отнесенных к полномочиям органов местного самоуправления МР «Цумадинский район», осуществляется в аналогичные сроки на основании заявления на бумажном носителе от получателя социального сертификата на оказание муниципальной услуги в социальной сфере, а также посредством информационных систем уполномоченных органов «Цумадинский район» муниципального района.

3. Опубликовать настоящее постановление в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети «Интернет».

4. Контроль за исполнением настоящего постановления возлагаю на себя.

**И.о. Главы муниципального района**
**Х.Магомедов**

## Постановление №150

**от 03 декабря 2024 г.**

**Об утверждении основных требований, предъявляемых к содержанию и оформлению муниципальных правовых актов муниципального образования «Цумадинский район»**

В соответствии со статьей 7 Федерального закона от 6 октября 2003 года № 131 «Об общих принципах организации местного самоуправления в РФ», Устава муниципального образования «Цумадинский район», администрация муниципального района «Цумадинский район» **постановляет:**

1. Утвердить Положение об основных требованиях, предъявляемых к содержанию и оформлению муниципальных правовых актов муниципального образования «Цумадинский район» согласно приложению.

2. Опубликовать настоящее постановление в газете «Голос Цумады» и разместить на сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети «Интернет».

3. Настоящее решение вступает в силу на следующий день после дня его официального опубликования (обнародования).

**Глава муниципального района Ш. Омаров**

## Постановление №154

**10 декабря 2024 г.**

**Об установлении публичного сервитута**

В соответствии со ст. 11, 23, 39.37 - 39.39, 39.43, 39.45 Земельного Кодекса РФ от 25.10.2001 № 136-ФЗ, п. 2 ст. 3.3, ст. 3.6 Федерального закона от 25.10.2001 № 137-ФЭ «О введении в действие Земельного кодекса РФ», ст. 15 Федерального закона от 06.10.2003 № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в РФ», **постановляю:**

1.Утвердить границы публичного сервитута согласно Приложения к настоящему постановлению.

2.Установить публичный сервитут в интересах публичного акционерного общества «Россети Северный Кавказ» (далее - ПАО «Россети Северный Кавказ», ОГРН 1062632029778), в целях эксплуатации объекта электросетевого хозяйства «ВЛ 35 кВ №50 ПС Агвали-ПС Шаури» и его неотъемлемых технологических частей, принадлежащих ПАО «Россети Северный Кавказ», сроком на 49 лет, в отношении земельных участков на территории МО «Цумадинский район» Республики Дагестан с кадастровыми номерами:

05:38:000000:188 РД, район Цумадинский

05:38:000000:193 РДн, район Цумадинский

05:38:000050:350 РД, район. Цумадинский, СП «сельсовет Хуштадинский»

05:38:000050:583 РД, Цумадинский район, СП «сельсовет Хуштадинский» с.Хуштада, ул. Интернациональная, д.14

05:38:000051:102 РД, Цумадинский район, СП «сельсовет Хуштадинский» с. Хуштада-Урух

05:38:000052:701 РД, Цумадинский район., СП «сельсовет Тиндинский» с. Тинди

05:38:000053:136 РД, Цумадинский район, СП «сельсовет Инхокваринский» с. Квантлада

05:38:000061:87 РД, Цумадинский район, СП «село Саситли»

05:38:000065:262 РД, Цумадинский район, СП «сельсовет Нижнегакваринский»

05:38:000065:314 РД, Цумадинский район

05:38:000070:7 РД, Цумадинский район

05:38:000073:194 РД, Цумадинский район, СП «сельсовет Эчединский»

05:38:000076:135 РД, Цумадинский район, СП «сельсовет Цумадинскайй»

05:38:000077:10 РД, Цумадинский район

05:38:000077:2 РД, Цумадинский район

05:38:000082:13 РД, Цумадинский район

05:38:000084:2 РД, Цумадинский район

3. Отделу экономики, налогов, имущественных и земельных отношений администрации МР «Цумадинский район» РД в течение пяти рабочих дней со дня издания настоящего постановления:

3.1. Опубликовать настоящее постановление в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети «Интернет».

3.2. Направить копию настоящего постановления законному представителю ПАО «Россети Северный Кавказ» - одновременно со сведениями, предусмотренными пл. 5 п. 7 ст. 39.43 Земельного кодекса Российской Федерации от 25.10.2001 г. №136 - ФЗ

4. Рекомендовать ПАО «Россети Северный Кавказ»:

4.1. Подготовить документы, необходимые для внесения сведений в Единый государственный реестр недвижимости, об установлении публичного сервитута.

4.2. Привести земельные участки в состояние, пригодное для его использования в соответствии с разрешенным использованием, в срок не позднее, чем три месяца после завершения капитального или текущего ремонта, реконструкции, эксплуатации, консервации, сноса инженерного сооружения.

5. Контроль за исполнением настоящего постановления оставляю за собой.

**Глава муниципального района Ш. Омаров**

**Теннис**

## Теннисалъул къецал тIоритIана

22 декабралда Агъвали тIоритIана школлъималазда гъоркьор столалда хIалеб теннисалъул къецал. Гьенир гIахьаллъана Агъвали, ТIисси, ТIадгъаквари, Хуштада, Лъондода, Эчеда ва ТIинди росабалъа лъимал.

Къецалъул ккана хадур рехсарал хIасилал.

2011-2012 соназ гьарурazда гьоркьоб.

Васал: 1 бакI- АхIмад ГъазимухIамадов (Агъвали), 2 бакI- МухIамад Расулов (Лъондода), 3 бакI- ГIабдула МухIамадов (ТIинди).

Ясал: 1 бакI- Шумайсат ХIажимухIамадова (Хуштада), 2 бакI- Фатима ХIажимухIамадова( Хуштада).

2013-2014 соназ гьарурazда гьоркьоб:

Васал:1 бакI-Асадулагь Агъабалаев (Лъондода), 2 бакI- ГIамирхан Мусалов (ТIадгъаквари), 3 бакI -Халид ХIусенов (Агъвали).

Ясал: 1 бакI-Ясмина Пайзулаева (Хуштада), 2 бакI -Ясмина ХIажиева (Хуштада).

Бергьаразе ва призеразе кьуна грамотаби ва районалъул Собраниялъул депутат МухIамад ХIанаповасул рахъалъан гIарцулал сайгъатал.

ДЮСШаялъул администрациялъ ва умумузул комиталъ баркала загьир гьабулеб буго МухIамад ХIанаповасе къецал тIоритIизе гьабураб кумекалъухъ.

* * *

## КIвандерил команда бергьана

Гьал къояз Агъвали гимназиялъул спортзалалда тIобитIана гIолилазда гьоркьоб волейболалъул ва ясалазда гьоркьоб пионерболалъул рахъалъ районалъул къецал.

Къецазда гIахьаллъараб анкьго командаялда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна КIванада росдал школалъул командаялъ (тренер Шамил ГъазимухIамадов), кIиабилеб бакI щвана Агъвали гимназиялъул командаялъе (тренер МухIамад Сулейманов), лъабабилеб бакIалде ккана Агъвали гимназиялъул тIоцебесеб команда (тренер МухIамад ХIасбулаев).

Пионерболалъул рахъалъ тIоцебесеб бакI ккуна Агъвали гимназиялъул ясалаз (тренер Загьид МуртазагIалиев), кIиабилеб бакI -гьоркьгьакваризез (тренер ГIазизбег Шагьруханов), лъабабилеб бакIалде ккана ТIинди школалъул ясал (тренер МухIамад Коратов).

**Шамил Сажидов**

## Решение №4

**сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район»**
**от 25 декабря 2024 г.**

Принято Собранием депутатов
МР «Цумадинский район»
от 25 декабря 2024 г.

**Об утверждении Порядка премирования лиц, замещающих муниципальные должности в органах местного самоуправления муниципального образования «Цумадинский район»**

Руководствуясь Федеральным законом «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Постановлением Правительства Республики Дагестан от 14 июля 2010 г. №252 «О нормативах формирования расходов на оплату труда лиц, замещающих муниципальные должности и должности муниципальной службы в Республике Дагестан», Уставом муниципального образования «Цумадинский район», Собрание депутатов муниципального района «Цумадинский район» **решает:**

1. Утвердить прилагаемый Порядок премирования лиц, замещающих муниципальные должности в органах местного самоуправления муниципального образования «Цумадинский район» Республики Дагестан.

2. Решение вступает в силу со дня его официального опубликования.

**Глава МР «Цумадинский район» Ш. Омаров**

## Решение №5

**сессии Собрания депутатов МР «Цумадинский район»**
**от 25 декабря 2024 г.**

Принято Собранием депутатов
МР «Цумадинский район»
от 25 декабря 2024 г.

**Об утверждении Порядка учета муниципальных правовых актов муниципального образования «Цумадинский район»**

В соответствии со статьями 7, 35, 43 Федерального закона от 6 октября 2003 года № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Собрание депутатов муниципального района «Цумадинский район» **решает:**

1. Утвердить прилагаемый Порядок учета муниципальных правовых актов муниципального образования «Цумадинский район».

2. Установить, что Порядок, предусмотренный пунктом 1 настоящего решения, применяется к муниципальным правовым актам муниципального образования «Цумадинский район», принятым (изданным) после вступления в силу указанного Порядка.

3. Решение вступает в силу со дня его официального опубликования.

**Глава МР «Цумадинский район» Ш. Омаров**

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
8 (87273) 2-52-44

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
Цумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«Цумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»
Тираж - 1259
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальгоlьи
гьорлъ бугеб ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maIl.ru